



Reyabilitasyon Pon Canterbury Street

Kisa k ap fèt?

MassDOT pral òganize yon odyans piblik an dirèk ak an pèsòn pou bay manm kominote a yo yon chans pou yo abitye nèt ak pwojè reyabilitasyon pon Canterbury Street la, ki janbe koridò nòdès Amtrak la nan katye Roslindale nan Boston, Massachusetts. Byen ke pon ki egziste a toujou gen sekirite pou tout moun ki itilize l yo, gen sèten eleman enpòtan nan estrikti a ke yo dwe ranplase pou asire ke li kapab kontinye bay yon pasaj plizyè jan epi an sekirite pou janbe liy ray tren an.

Kijan sa pral afekte w?

Pwojè yo pwopoze a se pou ranplase sipè-estrikti a ak sifas asfalte a, epi pou fè reparasyon twotwa yo nan pon ki travèse Canterbury Street anlè Koridò Nòdès Amtrak la. Reyabilitasyon an pral mande fèm ti total oswa an pati pon an ak yon detounman sikilasyon nan lòt wout katye a. Yon diskisyon soun enpak posib fèm ti sa yo ap prezante pandan odyans lan ak yon kalandriye travay reyabilitasyon yo ak mwayen ke manm kominote a yo pral genyen pou yo rete okouran pandan konstriksyon an.

MassDOT ankouraje tout manm kominote a ki enterese yo pou patisipe epi aprann plis sou pwojè sa a.

Ki Lè

MÈKREDI 17 SEPTANM 2025
6:30PM

Ki Kote

BROOKE CHARTER SCHOOL GYMNASIUM
190 CUMMINS HIGHWAY
BOSTON, MA 02131



Pou asire aksè nan reyinyon sa yo, MassDOT ap bay, nan mezi ke sa rezonab: tradiksyon, entèpretasyon, chanjman, aranjman, fòm altènatif, ak èd oksilyè epi sèvis. Pou mande sèvis sa yo, tanpri kontakte MassDOT's Chief Diversity and Civil Rights Officer nan 857-368-8580 oswa MassDOT.CivilRights@dot.state.ma.us. Pou yo gen ase tan pou trete demann sa yo, tanpri fè yo pi bonè posib, ideyalman 10-15 jou avan evenman an.

Demann ransèyman sou pwojè a ka voye tou pa imel bay massdotmajorprojects@dot.state.ma.us. Tanpri soumèt tout deklarasyon alekri konsènan pwojè yo antreprann lan bay: **Carrie A. Lavalley, P.E., Chief Engineer, MassDOT, 10 Park Plaza, Boston, MA 02116, Attention: MAJOR PROJECTS PROJECT FILE NO. 608197**